

Kado Lang

Pou Fanmi yo

Lang se youn nan kado ki pi enpòtan ou ka bay pitit ou. Men kijan w bay li?

Repons lan senp.

Pale lang ou ak pitit ou lakay chak jou!

■ Pouki sa lang manman enpòtan?

Lang ou pale ak pitit ou se premye lang yo pral aprann. Se premye koneksyon yo avèk ou, ak rèz fanmi w epi ak kilti e kominote yo. Se lang yo premye itilize pou yo aprann konnen monn nan otou de yo. Se lang lan ki ede yo prepare pou lavi — e ou se potò mitan nan pwosesis sa a! Se youn nan plizyè fason yo ke paran se premye pwofesè pitit yo.



■ Ki benefis ki genyen nan itilize lang manman w?

Lè w pale lang manman w li konekte pitit ou ak fanmi w. Li bay yon koneksyon ak tradisyon kiltirèl ki enpòtan pou ou, ansanm ak zanmi e vwazen ki pale menm lang avè w. Lè w itilize lang manman w li pèmèt ou anseye pitit ou, epi aprann nouvo bagay ansanm. Nou ka pale sou nouvo eksperyans ak mo; ou ka pratike lèt ak chif. Tout bagay sa yo se yon pati enpòtan nan fè pitit ou aprann bonè — e lap pi fasil pi amizan pou ou si w fè l nan lang ou pi konfòtab ladan l lan.



■ Men e pou Angle a?

Timoun kap viv nan peyi Etazini bezwen lang Angle pou reyisi nan lekòl e nan lavi. Erezman, jèn timoun ka vin bileng byen fasil. Yon moun ki pale byen plis pase yon lang gen plis opòtinite pou etidye, vwayaje, epi travay — ni nan Etazini ni nenpòt kote nan lemonn. Lè timoun yo bileng, li ede yo bati yon ladrès pou reflechi ki pi fèm.

■ Si m pale Angle byen, eske mwen ka itilize l nan kay la?

Ou dwe pale lang nan ou pi konfòtab pou itilize. Si w pi konfòtab nan lang manman w pase nan lang Angle a, alòs ou dwe itilize lang manman w ak pitit ou pou w ka bati yon ladrès ki fèm nan langaj.

Eske pitit mwen pap twouble lè yo pale de lang?

Jèn timoun ka aprann plis pase de oswa plis lang alafwa. Yo aprann pi vit lè yo jwenn anpil eksperyans ak granmoun ki pale avèk yo e ki koute yo.

Gen de lè, timoun yo mele de lang yo ansanm. Se pa pwoblèm! Li ka parèt ke yo twouble, men anfèt yap aprann règ ak vokabilè de lang yo epi yap klase yo nan sèvo yo. Sa se yon siy ke ti moun nan ap aprann e reflechi byen.

Pitit mwen yo pito pale Angle, kisa pou mwen fè?

Premyèman, pa panike. Petèt pitit ou pito pale Angle, paske se sa tout zanmi li yo pale. Pale ak pitit ou sou lang. Fè yo konprann ke pale de lang yo se yon bagay ki enpòtan. Pale yo de tout moun ki chè a yo menm ki pale lang pa w tankou fanmi ak zanmi yo pi renmen. Eksplike yo ke moun ki bileng, gen defwa plis chans pou yo gen zanmi epi pou yo aprann lòt kilti.

Fè lang manman w vin amizan nan li liv, chante chante ak jwe jwèt ak li; e itilize lè wap patisipe nan nenpòt ki kalite aktivite. Lang ou se yon kado, epi lè w pale l li pèmèt fanmi w rete konekte!

Sonje, ke relasyon w ak pitit ou depann de lang. Plis yap grandi, kominikasyon ap vin pi enpotan. Ou pral gen konvèsasyon sou yon pakèt sijè. Lap pi fasil e pi amizan si nou tou de nap pale menm lang.

Kisa mwen ka fè lakay?

- Rakonte istwa epi li pou pitit ou nan lang manman w.
- Fè ansanm rim, chante, pwezi w te aprann lè w te timoun.
- Chèche aktivite amizan kap fèt nan lang ou, tankou rakonte istwa nan bibliyotèk zòn nan, festival ak evènman kiltirèl.
- Chèche liv bileng, liv ki pa gen mo, osinon liv ki ekri nan lang manman w nan bibliyotèk la.



Kèk istwa sou Fanmi Bileng

- *¡Gaby está aquí! Un día loco de palabras mezcladas/A Crazy Mixed-Up Spanglish Day* pa Marisa Montes
- *The Park Our Town Built/El parque que nuestro pueblo construyó* pa Diana Gonzales Bertrand
- *Grandfather Counts* pa Andrea Cheng
- *Dear Juno* pa Soyung Pak
- *Yoko Writes Her Name* pa Rosemary Wells